yaw Bilaal taxawalal julli gi, noppal nu ci

Jële nañu ci Saalim Ibn Abil Jahd mu wax ne: benn waay dafa wax ne: aka neexoon ma julli ndax ma noppalu, mu mel ni dañu koo sikk ci loolu, mune leen dégg naa Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- wax ne: «yaw Bilaal taxawalal julli gi, noppal nu ci».

[Wér na] [Abóo Daawuda soloo na ko]

Benn waay ci Sahaaba yi dafa wax ne: aka neexoon ma julli ndax ma noppalu, mu mel ni ñi ko wër dañu koo sikk ci loolu, mune leen: dégg naa Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- wax ne: éey Bilaal! Yëkkëtil nodd gi te taxwal; ndax nu nappaloo ko; loolu nag ngir li ci nekk ci déeyante ak Yàlla, ak nooflaayu ruu ak xol.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/65095